

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dumasar kana wawancara jeung guru widang studi basa Sunda di SMA Pasundan 8 Bandung tur observasi sacara langsung nu dilakukeun ku panalungtik, tétéla pangajaran basa Sunda ngeunaan kalimah paréntah téh can pati dipikaharti ku siswa. Hal ieu bisa katitén dina can kacangkemna adegan pragmatis ngeunaan kalimah paréntah. Umumna, siswa karék bisa nyangkem kalimah paréntah sacara umum. Ari papasinganna nurutkeun adegan, wangun, wujud, prinsip, jeung tahapanna mah can kacangkem. Padahal, boh dina pangajaran basa Sunda, boh dina kahirupan sapopoé kalimah paréntah téh penting kacida. Dina pangajaran basa Sunda tangtu aya wacana-wacana atawa paguneman nu ngagunakeun kalimah paréntah. Ku kituna, siswa kudu nyangkem kalimah paréntah katut papasinganana. Dina kahirupan sapopoé ogé kalimah paréntah téh mindeng digunakeun, tapi teu saeutik jalma nu diajak nyarita téh salah tapsir kana éta paréntah. Hal éta ku sabab réa jalma nu can pati nyangkem kana kalimah paréntah. Jadi matak salah dina ngalaksanakeun pagawéan, lantaran ayana pasalia paham. Padahal lamun geus paham kana papasingan kalimah paréntah, mangka moal hésé pikeun napsirkeun éta kalimah paréntah.

Saperti anu geus dipedar di luhur, kalimah paréntah téh patali jeung basa salaku alat komunikasi nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, nu bisa ngébréhkeun rasa, pikiran jeung kahayang manusa. Sakumaha pamadegan

Sudaryat (2004:6), basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Basa téh diwangun ku dua lapisan, nya éta lapisan wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua lapisan, nya éta wangun gramatik anu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap, jeung morfém; wangun fonologi anu ngawengku engang, foném jeung sora. Lapisan eusi mangrupa eusi atawa ma'na.

Wangun katatabasaan dipaluruh ku tata basa anu ngawengku: (1) sintaksis, anu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, jeung frasa. (2) morfologi anu maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 2003:13).

Masualkeun kalimah paréntah tinangtu moal leupas tina pangajaran sintaksis. Sintaksis mangrupa salasihiji tina tilu cabang semiotik atawa élmu tanda nu nalungtik rélasi formal tanda-tanda. Dua cabang semiotik séjénna nya éta pragmatik nu nalungtik rélasi tanda-tanda jeung panapsirna, jeung semantik nu nalungtik rélasi tanda-tanda jeung objékna (Charles Morris, 1946 dina Sudaryat, 2009:4). Ieu panalungtikan ogé patali jeung pragmatik. Nurutkeun Levinson (Sudaryat, 2009:7), *Pragmatics is the study of those relations between language and context that are grammaticalized and encoded in the structure of a language.* Pragmatik nya éta studi basa nu nalungtik rélasi basa jeung kontéksna nu kagramatisasi jeung kakodifikasi dina struktur basa. Pragmatik ngulik perkara kondisi umum komunikasi basa atawa ulikan perkara bagbagan makéna basa luyu jeung kontéks situasina.

Lamun pragmatik nalaah acuan éksplisit pikeun pawicara atawa pamaké basa, mangka semantik nganalisis éksprési-éksprési jeung panandaanna, sarta sintaksis nganalisis hubungan antara éksprési atawa tanda-tanda (Scarle, 1980 dina Sudaryat, 2009:5). Sacara basajan bisa disebutkeun yén sintaksis nalaah kalimah-kalimah, semantik nalaah proposisi-proposisi, jeung pragmatik nalaah tindak-tindak linguistik sarta kontéks-kontéks tempatna tampil.

Nurutkeun Sudaryat (2003:74), sintaksis téh nya éta bagian tina tatabasa anu maluruh jeung medar susunan kalimah katut babagianana. Éta sababna sintaksis sok disebut tata kalimah. Dina tata kalimah tangtu ngawengku kalimah paréntah nu mangrupa warna tina tata kalimah. Kalimah paréntah nya éta kalimah nu diwangun pikeun meunangkeun réspónsi nu mangrupa tindakan (Cook, 1971 dina Tarigan, 1993:24). Dina basa tulisan, kalimah paréntah sok ditungtungan ku tanda panyeluk (!), ari dina basa lisan mibanda lentong: [2] 3 # atawa [2] 3 2 # (Sudaryat, 2003:98).

Panalungtikan ieu pikeun ngabuktikeun yén adegan pragmatis kalimah paréntah téh bisa kapanggih dina paguneman, leuwih hususna téh nya éta dina paguneman persuasif. Salian ti éta, adegan pragmatis kalimah paréntah dina paguneman persuasif téh bisa dijadikeun salasahiji bahan pangajaran di sakola.

Patali jeung kalimah paréntah, panalungtikan ngeunaan kalimah paréntah kungsi dilaksanakeun, nya éta ku:

- 1) N. Ati Rahmawati, dina taun 2002 nalungtik ngeunaan “Kalimah Paréntah dina Kumpulan Carpon *Jurig* Karya Tini Kartini”.

- 2) Aryani Purbasari, dina taun 2004 nalungtik ngeunaan “Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Kumpulan Carpon *Dukun Lepus* Karangan Ahmad Bakri”.

Hal anu ditalungtik dina panalungtikan di luhur téh nya éta ngeunaan adegan pragmatis kalimah paréntah dina kumpulan carpon-carpon nu nyoko kana wangun, ma’na, tahapan, jeung wanda. Wanda atawa prinsip pragmatisna ogé ngan nalungtik prinsip pragmatis gawé barengna, teu nalungtik prinsip pragmatis kasopananna. Ari panalungtikan ngeunaan adegan pragmatis kalimah paréntah dina paguneman persuasif karangan siswa SMA, hususna kelas X mah can aya. Ku kituna, dina ieu panalungtikan baris dipedar ngeunaan “Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Karangan Paguneman Persuasif Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011”.

1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kalimah paréntah naon waé anu kapanggih dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?
- 2) Kumaha adegan kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?
- 3) Kumaha wangun kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?

- 4) Kumaha wujud pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?
- 5) Kumaha prinsip pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?
- 6) Kumaha tahapan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun adegan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) Data kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011
- 2) Adegan kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011
- 3) Wangun kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011
- 4) Wujud pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011

- 5) Prinsip pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011
- 6) Tahapan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Muka wawasan élmu pangaweruh nu leuwih jembar ngeunaan kalimah paréntah
- 2) Neuleuman tiori jeung aplikasi bahan atawa matéri ngeunaan kalimah paréntah dina pangajaran basa jeung sastra Sunda
- 3) Hasil panalungtikan bisa dipaké ngeuyeuban kaédah-kaédah tatabasa nu geus aya
- 4) Hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngabeungharan kamekaran basa Sunda

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Hasil panalungtikan bisa dijadikeun acuan dasar dina ngajarkeun basa Sunda hususna ngeunaan kalimah paréntah
- 2) Hasil panalungtikan bisa méré gambaran sakumaha pangaweruh jeung kamampuh siswa dina ngagunakeun kalimah paréntah

- 3) Méré motivasi panalungtik séjén dina neuleuman masalah nu aya dina ieu panalungtikan.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan teu papalingpang jeung pasualanana dina ieu panalungtikan, mangka dipedar istilah-istilah saperti ieu di handap.

- 1) Adegan atawa struktur nya éta wawangunan tina unsur-unsur nu ngéntép seureuh
- 2) Pragmatis nya éta élmu nu nalungtik maksud panyatur dina nyaritakeun hiji satuan lingual nu tangtu dina hiji basa
- 3) Kalimah nya éta wangun katatabasaan miwujud kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gembleng, diwatesanan ku randegan panjang nu binarung jeung wirahma ahir turun atawa naék. Binarungna randegan panjang jeung wirahma ahir turun atawa naék disebutna lentong (intonasi). Jadi, ciri utama kalimah téh nya éta unsur lentong (intonasi) nu sok digambarkeun ku tanda baca dina tulisan
- 4) Kalimah paréntah nya éta nya éta kalimah nu ménta paregep atawa nu maca ngalakukeun hiji tindakan
- 5) Karangan nya éta karya tulis hasil tina kagiatan hiji jalma pikeun ngungkabkeun gagasan jeung nepikeunna ku cara basa tinulis ka nu maca pikeun dipahaman. Nulis atawa ngarang dina hakékatna nya éta nepikeun gagasan, perasaan, jeung kahayang sarta informasi kana tulisan nu bisa dipaham ku jalma séjén

- 6) Paguneman téh nya éta dialog (dina sandiwara, carita); karya tulis nu disajikeun dina wangun paguneman antara dua tokoh atawa leuwih
- 7) Persuasif nya éta salasihiji seni vérbal nu tujuanna pikeun ngayakinkeun hiji jalma dina waktu ayeuna atawa nu bakal datang.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salasihiji bebeneran, tiori jeung pamanggih nu dijadikeun cecekelan utama nu henteu dipasualkeun deui bener jeung henteuna (Arikunto, 2006:65). Ieu panalungtikan miboga anggapan dasar saperti anu kaunggel di handap.

- 1) Kalimah paréntah bisa kapanggih dina rupa-rupa situasi, di antarana waé dina paguneman.
- 2) Kalimah paréntah mangrupa salasihiji bahan pangajaran nu aya dina matéri kabasaan SKKD (Standar Kompetensi Kompetensi Dasar) basa Sunda di SMA nu bisa dibarengkeun jeung kaparigelan maca atawa nulis.
- 3) Pangajaran ngeunaan kalimah paréntah mangrupa pangajaran nu kudu diajarkeun di sakola, utamana di SMA sa-Jawa Barat.

1.7 Méhode Panalungtikan

Nurutkeun Sutedi (2009:58), métode déskriptif téh nya éta métode anu digunakeun pikeun ngagambarkeun, ngajabarkeun hiji fénoména nu lumangsung ayeuna ku cara ngagunakeun prosedur ilmiah pikeun ngajawab masalah sacara aktual. Masalah dina panalungtikan déskriptif nya éta masalah-masalah aktual nu

lumangsung dina waktu panalungtikan dilaksanakeun. Dina widang pendidikan, panalungtikan déskriptif bisa difungsikeun pikeun ngaréngsékeun masalah praktis nu aya di lapangan. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Nu baris didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta adegan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011.

Téhnik panalungtikan nu digunakeun nya éta téhnik ulikan pustaka jeung téhnik studi dokuméntasi. Téhnik ulikan pustaka dipaké pikeun meunangkeun rupa-rupa tiori nu bakal dijadikeun acuan dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan (Suyatna, 2002:19). Sedengkeun téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data nu aya dina wangun tinulis, kayaning buku, majalah, dokumén, aturan-aturan, notulén rapat, catetan, jeung sajabana (Arikunto, 2006:158). Instrumén panalungtikan anu dipakéna nya éta lembar tés jeung sistem kartu data.

1.8 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Lokasi dilaksanakeunna panalungtikan nya éta di SMA Pasundan 8 Bandung, tempatna di Jalan Cihampelas No. 167 Bandung. Anu dijadikeun sumber data panalungtikanna téh nya éta sajumlahing karangan paguneman persuasif basa Sunda siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011 anu jumlahna 294 siswa.

Dumasar kana sababaraha tinimbangan, di antarana samporétna waktu pikeun panalungtikan, waragad jeung kaayaan siswa anu jadi subjék panalungtikanana,

ngabalukarkeun subjék panalungtikan téh dipilih kalawan acak (sampel random). Subjék panalungtikan ditangtukeun kira-kira 10% tina jumlah sakabéh siswa, nya éta 30 siswa.

1.9 Sistematika Tulisan

Ieu laporan panalungtikan téh dirancang jadi lima bab. Bab 1 bubuka medar perkara kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, anggapan dasar, gurat badag métode panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, sarta sistematika tulisan.

Bab 2 landasan tioritik medar sababaraha subbab, dina subbab kapragmatisan medar perkara kasang tukang historis pragmatik, kalungguhan pragmatik, watesan jeung ciri pragmatik, laku basa jeung kontéks situasi omongan. Dina subbab kalimah medar perkara watesan jeung ciri-ciri kalimah, fungsi kalimah, jeung unsur fungsional kalimah. Dina subbab kalimah paréntah medar perkara watesan jeung ciri-ciri kalimah, adegan kalimah paréntah, wangun kalimah paréntah, wujud pragmatis kalimah paréntah, prinsip pragmatis kalimah paréntah, jeung tahapan pragmatis kalimah paréntah. Dina subbab karangan medar perkara wangenan karangan, tujuan karangan, jeung warna karangan. Dina subbab paguneman persuasif medar perkara wangenan paguneman persuasif, pola konversasi (paguneman), jeung kaédah konversasi (paguneman).

Bab 3 métode panalungtikan medar perkara désain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, latar panalungtikan, téhnik jeung prosedur ngumpulkeun data, jeung téhnik jeung prosedur ngolah data.

Bab 4 hasil panalungtikan jeung bahasan, ngadéskripsikeun jeung nganalisis adegan pragmatis kalimah paréntah dina karangan paguneman persuasif siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/ 2011, di jerona ngawengku data kalimah paréntah, adegan kalimah paréntah, wangun kalimah paréntah, wujud pragmatis kalimah paréntah, prinsip pragmatis kalimah paréntah, jeung tahapan pragmatis kalimah paréntah.

Bab 5 kacindekan jeung rékomendasi medar perkara panapsiran jeung pama'naan panalungtik kana hasil analisis timuan panalungtikan, nu disajikeun dina wangun kacindekan panalungtikan. Ogé ditulis implikasi atawa rékomendasina sanggeus ditulis kacindekan panalungtikan.

Daptar pustaka eusina téh nya éta sakabéh sumber tinulis (buku, artikel, jurnal, dokumén resmi, atawa sumber-sumber séjén tina internét) nu pernah dikutip jeung digunakeun dina nulis ieu skripsi.